

# Mesag pou paran ou responsab timoun.

Madam, Mesye.

Possibilité pou moun jwen edikasyon se you diva ; lékol gratis, layik é obligatwa.

Tout timoun ki gen 6 ané jiska 16 ané dwé alé lékol.

Selon laj timoun ou an, demach yo ak possibilité pou timoun alé lékol kapab diféran :

## 1) Si timoun an gen ant 3 é 10 ané

Ou dwé al éwé sévis dézafé eskolé ki nan méri zon ou abite ya. Ou dwé fé you dosyé enskripsyon. Yap ba ou you atèstasyon de dépo. Aprè sa, mèri ya ap kontakté-w pou fé-w konen rès démach yo.

*Si timoun ou an gen ant 3 é 6 ané :*

yap mété-l nan you lékol matériel nan komin li abite ya, si gèn plas. Si pa gèn plas, yap mété-l sou lis datant, timoun sa a ap gèn priorité nan lot ané eskole ya.

*Si timoun ou an gen ant 6 é 10 ané :*

yap mété-l nan you lékol élémanté proch koté li abite ya.

Pou-w jwenn plis enfomasyon, chaché wé CASNAV (sant akadémik pou eskolarizasyon timoun ki fek rive e lot timoun ki gen pou rive).

Men nimewo téléphone nan : 05.94.27.21.46 chak madi é vendredi nan maten.

## 2) Si timoun ou an gen ant 11 é 16 ané

Ou dwé alé nan giché inik CASNAV nan lot koté ou kapab jwenn biwo dakey CASNAV nan tout dépatman an (gade nan lis biwo CASNAV yo).

Ou dwe fé you dosye kandidaté, lé dosyé sa konplé, yap teste timoun ou an nan lang manman-l lekti aknan matematik. Selon nivo timoun sa a, yap mété-l nan you lékol, swa kolèj ou lisé. Wap jwenn repons pa lapos.

## 3) Si timoun ou an gen plis pase 16 ané é laj pou-l alé nan lise

Ou dwe alé nan giché inik CASNAV kayèn ou lot koté nan tout dépatman an. (Wé lis biwo CASNAV yo)

Ou dwe fé you dosyé kandidati. Le dosyé sa konplé, yap teste timoun ou an nan lang manman-l lekti ak nan matématik. Li kapab alé nan lise, si li gen nivo pou sa.

Wap jwenn repons pa lapos.

Si timoun ou an pa gen nivo pou-l alé nan lise, wap jwenn you lét kap di-w poukisa. Lé sa a timoun nan kapab al éwé misyon jénéral densésyon ou you lot aganis.

Nan tout ka, lé timoun nan jwenn lékol, ou dwe veye pou li alé lékol chak jou :

L ékol se you dwa ki gèn anpil deuwa landan-l. Ant 6 é 16 ané, plas timoun ou an se nan lékol.

Premyé deuwa paran ou responsab timoun, sé fé tout manyé pou timoun nan pa manké lékol li.